



Pou Piblikasyon Imedya: 24/08/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KE YO PRAL LIMEN MONIMAN ANBLEMATIK ETA  
YO NAN KOULÈ VYOLÈT AK LÒ POU ONORE JOUNEN EGALITE FANM YO**

***Aprè inogirasyon premye Gouvènè Fanm nan New York, trèz moniman nan Eta a  
pral limen pou selebre egalite fanm atravè Eta a***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a trèz moniman atravè New York pral limen nan koulè vyolèt ak lò apati 24 out rive 26 out pou onore Jounen Egalite Fanm.

"New York se bèso Mouvman Dwa Fanm kote pyonye yo te sipase yo ak ale odela pou ouvri wout ki mennen nan libète pou fanm atravè monn la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen onore dèske mwen se premye fanm Gouvènè Eta New York epi mwen espere voye yon mesaj bay fanm ak fi tout kote pou di yo kapab vin nenpòt sa yo vle. Jounen Egalite Fanm sa a, mwen ankouraje tout moun pou gade nan direksyon plafon an vit la epi kraze li - menm lè fanm yo soti lwen anpil, nou toujou gen bon kou wout devan nou".

Pami moniman yo pral limen yo genyen:

- One World Trade Center
- Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)
- Kosciuszko Bridge
- Batiman SUNY H. Carl McCall lan
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Batiman Alfred E. Smith State Office (Alfred E. Smith State Office Building) la
- Pak Ekspozisyon Eta - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon
- Chit Nyagara (Niagara Falls) (24 ak 26 sèlman)
- Pon Franklin D. Roosevelt nan Mid-Hudson
- Tèminal Grand Central (Grand Central Terminal) la - Vyadik Pershing Square (Pershing Square Viaduct) a
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)
- Konplèks Olenpik pou Sote Lak Placid (Lake Placid Olympic Jumping Complex)
- MTA LIRR - East End Gateway nan Penn Station

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)